

Penilaian Akhir Tahun

I. Wenehana tandha ping (x) wangsulan sing bener!

Wacanen tek tembang Pangkur iki kanthi setiti!

Sun pepuji siswa ning wong
Besuk dadya, manungsa kang piniji
Marsudiya ngelmu dhuwur
Mangka dhasar uripnya
Nora langka linuludan mring wong agung
Urip aneng jagad raya
Sungkemarwa sanalisir

1. Tembang Pangkur kalebu tembang
 - A. dolanan
 - B. macapat
 - C. gedhe
 - D. tengahan
2. Tembang Pangkur sapada ana ... larik.
 - A. 5
 - B. 6
 - C. 7
 - D. 8
3. Tembang pangkur ing dhuwur ngemu pitutur marang
 - A. bocah
 - B. guru
 - C. siswa
 - D. manungsa
4. Guru Wilangan lan guru lagu tembang pangkur gatra kapisan yaiku
 - A. 8 a
 - B. 8 i
 - C. 11 i
 - D. 12 u
5. Tibaning swara ing pingkasaning gatra diarani
 - A. guru gatra
 - B. guru wilangan
 - C. guru larik
 - D. guru lagu

Wacanen geguritan ing ngisor iki kanggo pitakonan angka 8-13.

Saben esuk cengkelak ninggalake klasa bantal
Lempit-lempit nuli adus
Kosokan resik
Tan ana perangan kang katinggal
Cukat trengginas
Sarapan banjur budhal ing pamulangan
Setiti mirengake
Wani micara sajrone pasinaon
Pancen kuwi murid kang tumemen

6. Isi geguritan ing dhuwur yaiku
 - A. siswa kang prigel
 - B. siswa kang sregep
 - C. siswa kang bodo
 - D. siswa kang disiplin
7. Kepriye anggone siswa mau nalika ing sekolah
 - A. sregep
 - B. rame ing kelas
 - C. anteng mirengake
 - D. setiti mirengake guru
8. Tegese tembung **pamulangan** ana ing geguritan dhuwur mau yaiku
 - A. omah
 - B. kantor
 - C. sekolah
 - D. sawah

Wacanen crita ngisor kanggo nggarap soal nomer 9-12!

Sunan Kalijaga banjur macul lemah. Nalika gebal paculan disongkel lan diuncalake, sanalika banjur malih dadi prongkolan emas. Kejot panggalihe Sang Adhipati, mula kepingin suwita. Ki Pandhanaran banjur kadhawuhan menyang Gunung Jabaikat ora kepareng nggawa bandha. Ki Adhipati Pandhanaran banjur budhal menyang Gunung Jabaikat karo garwane Nyi Kaliwungu.

Nalika mlaku pinuju Gunung Jabaikat mau, Ki adhipati karo garwane diadahang begal cacah telu. Begal telu mau njaluk bandhane kanjeng adhipati. Nanging dening Ki Pandhanaran diwangsuli yen panjejangane ora nggawa bandha, malah begal-begal mau padha kesiku. "Wong salah, kok tega njaluk bandha," mengkono pangandhikane Ki Pandanaran, papan kedadean mau banjur diarani Salatiga.

9. Kejot panggalihe sang adhipati. Tegese tembung **kejot** yaiku
 - A. Kaget
 - B. Ngalem
 - C. ora percaya
 - D. Sumringah
10. Miturut isine kutipan ing nduwur kalebu crita
 - A. fabel
 - B. mitos
 - C. legendha
 - D. non fiksi
11. Begal-begal mau padha kesiku. Tembung **kesiku** tegese padha karo tembung
 - A. gumun
 - B. kapusan
 - C. kuwalat
 - D. goroh
12. Sing ora kalebu tokoh sajroning kutipan crita ing dhuwur yaiku
 - A. Ki Jabaikat
 - B. Ki Pandanaran
 - C. Nyi Kaliwungu
 - D. Sunan Kalijaga
13. Papan kedadeane sajroning crita uga diarani
 - A. latar
 - B. alur
 - C. paraga
 - D. tema
14. Crita Gunung Tangkuban Perahu iku asale saka
 - A. Sumatera
 - B. Jawa Tengah
 - C. Jawa Barat
 - D. Jawa Timur

Wacanaen tek crita wayang iki kanthi setiti! kanggo mangsuli soal no. 15-17

Srikandi Madeg Senapati


Srikandi ora gigrig tetep maju dikantheni prajurit ana ing mburi lan sakiwa tengene. Bareng wis ana ing sangarepe resi Bisma, Dewi Wara Srikandi katungka sukmane Dewi Amba. Sanalika resi Bisma luluh atine. Wara Srikandi nyembah marang Resi Bisma, banjur rikat menthang gendewa Pasopati. Panah dilepasake tumancep ana ing pulung atine Resi Bisma. Sanalika Resi Bisma tiba ngrengkang.

Resi Bisma njaluk bantal, age-age Prabu Duryudana menehake bantal empuk, nanging ora kersa. Banjur Janaka ngaturake bantal glendhingan sisa-sisa senjata perang, banjur Resi Bisma Mesem. Sabubare kui krasa ngelak banjur Prabu Duryudana age-age menehi unjukan anggur, nanging Resi Bisma ora kersa, banjur Raden Janaka ngaturake unjukan banyu saka komborane jaran. Ing pungkasane njaluk payung, sanalika Raden Werkudara tanggap, banjur dibedholake wit gedhe. Para Kurawa banjur kewedan ninggalke Kurusetra. Bareng dipayungi wit ringin resi Bisma ngucapke panuwun marang Pandawa, lan paring pangestu muga-muga Pandhawa unggul ing yuda. Sabanjure resi Bisma gugur.

15. Senapati Pandhawa ing palagan kuru setra kang bisa ngalahake Resi Bisma yaiku
 - A. Dewi Amba
 - B. Dewi Drupadi
 - C. Dewi Gendari
 - D. Dewi Srikandi
16. Ing perang Baratayudha Dewi Wara Srikandi perang nglawan
 - A. Prabu Baladewa
 - B. Prabu Duryunana
 - C. Resi Durna
 - D. Resi Bisma
17. Gaman kang diampilake marang Dewi Wara Srikandi yaiku....
 - A. panah pasopati
 - B. panah sarutama




- C. panah nagapasa
D. panah arda dhedhali
18. Wong kang pagaweane nabuh gamelan iku arane
A. waranggana
B. niyaga
C. sinden
D. dalang
19. Gambar ing ngisor iki kalebu Pandhawa kang aran







- A. Puntadewa
B. Werkudara
C. Janaka
D. Nakula
20.  Wacane yaiku
A. manuk dara mabur
B. manuke dha mabur
C. manuk-manuk mabur
D. manuk dara miber
21. Tembung  ditulis nganggo aksara latin yaiku
A. Pak Badi
B. Pak Budi
C. Pak Rudi
D. Pak Yudi
22. Tulisan aksara Jawa kang diwaca **kumbang** yaiku


- A. 
B. 
C. 
D. 

23. Ukara **manuk gagak** yen ditulis ing aksara jawa yaiku

- A. 
B. 
C. 
D. 

24. **Janur kuning** yen ditulis ing aksara Jawa yaiku

- A. 
B. 
C. 
D. 

25.  yaiku

- A. Tuku sayak sida mukti
B. Tuku jarik sida mukti
C. Tuku sarung sida mukti
D. Tuku klambi sida mukti

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep!

- Guru wilangan dan guru lagu tembang Pangkur yaiku....
- Watake tembang Pangkur yaiku
- Nora langka linuludan mring wong agung**
Tembung *nora* ana ing tembang Pangkur iku duwe teges
- Geguritan iku asale saka tembung
- Geguritan kalebu karya sastra